

# 23 jen

**Menmjan yon papa sansib pou pitit li, se konsa Senyè a sansib pou moun ki mete konfyans yo nan li. Li konnen ak kisa nou fèt, li sonje se pou-syè tè nou ye.** Sòm 103. 13, 14

**Papa nou ki nan syèl la konnen...** Matye 6. 32

## **Swen espesyal**

Benwa, yon pitit ki te nan yon fanmi ki te gen anpil moun, li te gen yon maladi nan kwomozom, ki te yon gwo andikap pou li. Sa ti sè l la fè poukont li nan senk minit, li dwe pase inè pou li ka fè l, anplis de sa, se papa l ki dwe ede l. Paran li yo ap souffri ak li e pou li. Yo remen tout timoun yo menm jan. Men, poutèt andikap sa a, Benwa resevwa swen espesyal. Lavi pi difisil pou li pase lòt yo. Se poutèt sa, li benefisye atansyon ak tandrès espesyal paran li yo. Yo adapte edikasyon yo ak kapasite pitit la. Yo ankouraje l pou li ka pran konfyans, men yo t ap veye tou pou yo pa dekouraje l nan mande l fè twòp bagay.

Kretyen, petèt nou santi nan lavi kretyèn nou kèk “andikap”, nan tèl oswa tèl lòt bagay. Kèk bagay ki fasil pou lòt yo, parèt enposib pou nou. Papa nou konnen sa. Li konnen nou byen, Li konnen nou tranble devan sa ki fè nou pè, k ap twouble nou. Li konnen feblès nou yo, sa nou pa menm pran chans pataje ak lòt yo... “Andikap” sa, chak moun gen youn nan li, li vle pote l ak nou, e, nan moman sa, pou li etabli yon relasyon plen tandrès ak nou. Nou se moun ki benefisye swen espesyal. Ann pale avè L de difikilte sekrè nou yo. Li gen resous moun pa ta kwè pou Li konble tout vid nou yo e pou Li anrichi nanm nou. Piga nou janm pè pou nou mande L pou Li ede nou, pou nou k ap travèse sa moun pa ka travèse a.

# 23

juin

**Comme un père a compassion de ses fils, l'Éternel a compassion de ceux qui le craignent. Car il sait de quoi nous sommes formés, il se souvient que nous sommes poussière.** Psaume 103. 13, 14

**Votre Père céleste sait...** Matthieu 6. 32

### **Soins personnalisés**

Enfant de famille nombreuse, Benoît souffre d'une maladie chromosomique, qui est un gros handicap pour lui. Ce que sa petite sœur fait toute seule en cinq minutes, il lui faut une heure pour le faire, et encore, avec l'aide de son père. Ses parents souffrent avec lui et pour lui. Ils aiment de la même manière chacun de leurs enfants. Mais, à cause de son handicap, Benoît est l'objet de soins particuliers. La vie est plus difficile pour lui que pour les autres. C'est pourquoi il bénéficie aussi d'une sollicitude et d'une tendresse spéciale de la part de ses parents. Ils adaptent leur éducation aux capacités de l'enfant. Ils le stimulent pour qu'il prenne confiance, mais veillent aussi à ne pas le décourager en lui demandant trop.

Chrétiens, nous ressentons peut-être dans notre vie chrétienne certains "handicaps", sur tel ou tel point particulier. Certaines choses, faciles pour d'autres, nous paraissent, à nous, insurmontables. Notre Père le sait. Il nous connaît bien, Il sait ce que nous redoutons, ce qui nous fait peur, nous obsède. Il connaît nos faiblesses, ce que nous n'osons pas avouer à d'autres... Ce "handicap" particulier à chacun, il veut le porter avec nous et, à cette occasion, établir avec nous une relation pleine de tendresse. Nous sommes l'objet de soins personnalisés. Parlons-lui de nos difficultés secrètes. Il a des ressources insoupçonnées pour combler nos lacunes et enrichir notre être intérieur. Ne craignons jamais de réclamer son aide, pour surmonter avec lui l'insurmontable.